

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Nilik kana hasil panalungtikan ngeunaan Tradisi Gusaran di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA, bisa dicindekkeun yén:

- 1) Tradisi Gusaran mangrupa salah sahiji kabudayaan nu hurip jeung hirup kénéh di Tatar Sunda pernahna di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupatén Ciamis. Tujuan diayakeun tradisi Gusaran nya éta pikeun nyalametkeun budak/“ngaragragkeun” syahadat ku cara budak anu rék digusar téh titah ngégél saeutik duit kencring asal antel (mangrupa sarat) nu istilahna disebut “ngagosok”.
- 2) Dina prak-prakan tradisi gusaran aya sababaraha istilah rada ahéng, nya éta turun mandi, nyawér, jeung ngagosok. Turun mandi téh nya éta iring-iringan pangantén ka tampian pikeun dimandian saméméh upacara gusaran. Nyawér nya éta kagiatan ngawur-ngawurkeun béas, kembang, jeung kembang gula ka pangantén gusar jeung ka nu hadir nyakséni. Sedengkeun ngagosok nya éta kagiatan nalika budak anu digusar téh titah ngégél saeutik duit kencring asal antel (mangrupa sarat).
- 3) Ajén-inajén anu nyampak dina tradisi gusaran di antarana nya éta ajén atikan, ajén sosial, ajén agama, jeung ajén moral. Ajén atikan kapaluruh tina eusi rumpaka sawér nu nétélakeun yén kudu diajar sing getol. Ajén sosial kapaluruh tina pakakas anu digunakeun boh dina upacara ngagosok boh dina

upacara nyawér (béas, kembang, kembang gula, jeung duit kencring). Maksud diawur-awur di dieu téh nya éta sangkan budak anu rék digusar téh daék barang béré ka sasama utamana jalma “leutik”. Ajén agama kapaluruh tina rumpaka sawér anu ngébréhkeun yén kudu ta’at kana agama. Sedengkeun ajén moral kapaluruh tina rumpaka sawér anu nétélakeun yén kudu nurut ka kolot, sarta kudu jadi jalma bener.

- 4) Tina hasil panalungtikan ieu, bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan pikeun kelas XI SMA. Ngeunaan hasil atawa henteuna bahan pangajaran maca bahasan, gumantung kana téhnik jeung métode nu dipaké ku guruna. Salian ti éta, guru kudu ngaluyukeun bahan pangajaran jeung kamampuh siswana sorangan sangkan bisa ngahontal kana tujuan pangajaran nu dimaksud.

5.2 Rékoméndasi

Ayana rasa reueus nalungtik salah sahiji kabudayaan Sunda hususna nu aya di Desa Cimindi nya éta tradisi gusaran. Sangkan ieu tradisi teu tumpur, aya rékoméndasi pikeun tanaga pangajar jeung pelajar (guru, mahasiswa, jeung murid), jeung masarakat umum.

- 1) Saran kanggo guru, mahasiswa, jeung murid

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bahan pangajaran seni budaya atawa budaya Sunda. Hususna pikeun mahasiswa, loba kénéh anu acan kaguar tina ieu tradisi gusaran. Atuh ka hareupna, kacida hadéna lamun seug ieu tradisi

téh ditalungtik deui dina garapanana anu leuwih husus, sangkan kaguar deui hal-hal séjén anu can katalungtik.

2) Saran kanggo masarakat umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji sarana pikeun masarakat umum mikawanoh leuwih jembar ngeunaan tradisi gusaran, minangka tradisi has Sunda, nu antukna masarakat leuwih mikaresep sarta terus ngamumulé radisi gusaran. Salian ti éta, masarakat dipiharep bisa leuwih ngamumulé kabudayaan urang nya éta budaya Sunda hususna tradisi gusaran anu aya di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis.

